# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु कहलें कि आतंकवाद पर दोहरा मापदंड मंजूर नाही हौ। चीन के तियानजिन में एससीओ शिखर सम्मेलन में अपने वक्तव्य में उहां के ई बाति कहलीं। प्रधानमंत्री आतंकवाद के मानवता खातिर एगो बड़हन चुनौती बतावत कहलीं कि आतंकवाद के सज्जो रूप क निंदा कइल जाये के चाही।

**भारत पिछले चार दशकों से निर्मम आतंकवाद का दंश झेल रहा है। कितनी ही माताओं ने अपने बच्चे खोए और कितने बच्चे अनाथ हो गए। हाल ही में, हमने पहलगाम में टेरेरिज्म का बहुत ही घिनौना रूप देखा। इस दुरूख की घड़ी में, जो मित्र देश हमारे साथ खड़े रहे, मैं उनका आभार व्यक्त करता हूँ।**

प्रधानमंत्री कहलें कि एससीओ बदे भारत क दृस्टिकोंण अउर नीति तीनि महत्वपूर्ण स्तंभ– सुरक्षा, सम्पर्क अउर अवसर– पर आधारित हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि देर राति प्रदेस क कानून व्यवस्था, आईजीआरएस, सीएम हेल्प लाइन, आवे वाले तिउहारन क तइयारी, बेमारियन क रोकथाम अउर बाढ़ि के हालति क समीक्षा कइलें। लखनऊ में अपने सरकारी आवास से वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग में मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन से कहलीं कि जन समेस्या क समाधान में लापरवाही कउनहू हालति में अक्षम्य होई। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा कि हर पीड़ित की भावना का सम्मान करते हुए पूरी संवेदना के साथ उसकी समस्या, का समाधान सुनिश्चित किया जाए। उन्होंने चेतावनी दी कि मिथ्या अथवा भ्रामक रिपोर्ट लगाने वाले अधिकारियों के खिलाफ अनुशासनिक कार्रवाई अनिवार्य रूप से होगी। आकाशवाणी समाचार कक्ष से रीतेश।**

समीक्षा बइठकी में मुख्यमंत्री बेटियन क सुरक्षा के सरकार क प्राथमिकता बतावत सज्जो जिलन में एन्टी रोमियों स्क्वॉड के अउरियो सक्रिय कइले क निरदेस दिहलें।

**********

केंद्रीय मंत्री किरेन रिजिजू कहले हवें कि मौजूदा वित्त बरिस क पहिला तिमाही में देस क सकल घरेलू उत्पाद–जीडीपी में सात दसमलव आठ फीसदी क सानदार बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ। ई साबित करे ला कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से बढ़ियां देस क अर्थव्यवस्था केहू नाहीं सम्हारि सके ला।

**********

आजु से प्रदेसव्यापी नो हेलमेट नो फ्यूल अभियान क सुरूआति हो गइल। ई अभियान एक महिन्ना ले चली। प्रदेस क परिवहन आयुक्त बृजेश नारायण सिंह बतवलें कि परिवहन विभाग अभियान के बारे में सज्जो पेट्रोलियम एजेंसियन के चिट्ठी भेजि के निरदेस दिहले हौ। उहां के बतवलीं कि एकर उद्देस्य सड़कि दुरघटना में पचास फीसदी ले कमी लेआइल हौ। हमरे लखनऊ प्रतिनिधि बतवलें कि ओइजा अभियान के तहत परिवहन, पेट्रोलियम अउर राजस्व विभाग क संयुक्त टीमि पेट्रोल पम्पन पर निगरानी कइ रहलि हौ। प्रदेस के अउरियो जिलन में हेलमेट के प्रति जन–जागरूकता क सनेसा देत अभियान चलावल जा रहल बा।

**********

ब्यौसायिक उपयोग बदे एलपीजी सिलिण्डर क दाम आजु से एक्यावन रूपिया पचास पइसा कम हो गइल हौ। ओहीं, चउदह दसमलव दुइ किलोग्राम क घरेलू गैस सिलिण्डर के दाम में कउनों बदलाव नाहीं आइल बा।

**********

उत्तर प्रदेश राज्य सड़क परिवहन निगम शाहजहांपुर से बनारस बदे सोझै बस सेवा सुरू कइले हौ। सथहीं जिला के खुदागंज से लखनऊओ खातिर सोझै बस सेवा क सुरूआति कइल गइल बा। ई जनकारी निगम क शाहजहांपुर डिपो प्रभारी विनोद मिश्रा दिहलें।

**********

देस भर में आजु से राष्ट्रीय पोषण सप्ताह मनावल जा रहल हौ। ई सप्ताह हर सालि एक से सात सितम्बर ले मनावल जाला। येह बेरि राष्ट्रीय पोषण सप्ताह क थीमि हवे–''बेहतर जीवन के लिए सही भोजन करें।''

**********

आकाशवाणी क एफएम गोल्ड चैनल आजु आपन चउबीसवां सालिगिरह मना रहल हौ। अजुये के दिन्ने बरिस दुइ हजार एक में एकर सुरूआति भइल रहे। सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय चउबीस घंटा अउर सातो दिन समाचार आ मनोरंजन चैनल के तौर पर एके सुरू कइले रहे। प्रसार भारती में आकाशवाणी के ओरि से चलावल जा रहल एफएम गोल्ड चैनल समाचार, समसामयिक बिसयन आ मनोरंजन से भरपूर कार्यक्रम प्रसारित करे ला।

**********

प्रदेस के कई जिलन में बीतल रातिये से मूसलाधार बरखा क सिलसिला जारी बा। लखनऊ, शाहजहांपुर, पीलीभीत, बदायूं, अमरोहा, मैनपुरी, शामली, मुजफ्फरनगर, संभल अउर श्रावस्ती में बरखा से जन–जीवन परभावित भइल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस के संतकबीरनगर जिलो में आजु भिन्नहीं बरखा भइल हलांकि गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के कुछु अउरियो जिलन में आजु पूरा दिन लोगिन के उमस भरल गरमी क सामना करे के पड़ल।

**********